

Nim. 205.1

DEKRÈ EGZEKITIF

RESTRIKSYON KARANTÈN SOU VWAYAJÈ KI AP RIVE NAN NEW YORK

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York te reyisi ralanti transmisyon COVID-19;

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York te pase soti nan pi wo nivo enfeksyon an pou rive nan youn nan nivo ki pi ba yo nan peyi a epi li se youn nan kèk grenn eta ki sou wout pou kontwole sityasyon COVID-19 la;

LÈ NOU KONSIDERE, Gouvènè a pran yon apwòch pridan, gradyèl epi ki baze sou prèv syantifik pou retounen ouvri Eta New York;

LÈ NOU KONSIDERE, Sant pou Kontwòl Maladi yo (Centers for Disease Control, CDC) detèmine nivo risk la pou vwayajè k ap antre nan Etazini soti nan lòt peyi nan sa ki gen pou wè ak danje pou lasante toupatou nan lemond;

LÈ NOU KONSIDERE, jiska dat jodi a, gen sèlman trantheyen nasyon nan lemond ki gen transmisyon COVID-19 ki prezante risk "ba" (Nivo 1) oswa "trè ba" (pa gen mizangad sou sante pou vwayajè yo), epi tout lòt peyi yo ki gen enfòmasyon disponib gen deziyasyon Nivo 2 oswa Nivo 3 (risk mwayen oswa wo, yo chak nan lòd) dapre CDC;

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 21 out 2020, CDC te anile rekòmandasyon karantèn li an pou vwayajè entènasyonal lè yo rive nan Etazini soti nan yon peyi Nivo 2 oswa Nivo 3;

LÈ NOU KONSIDERE, New York dwe fè tout efò ki posib pou redui ak limite pwopagasyon COVID-19 nan eta a pandan gouvènman federal la kontinye ap anile efò ki nesesè yo pou ralanti pwopagasyon viris la epi ap aplike chanjman politik k ap mete sante ak sekirite piblik la an danje;

LÈ NOU KONSIDERE, New York egzije separeman yon karantèn obligatwa apre vwayaj nan yon peyi Nivo 2 oswa Nivo 3 pou kèlkeswa moun nan ki rive nan New York; epi

LÈ NOU KONSIDERE, karantèn sa a New York egzije a dwe rete anplas epi aplike fèm pou kontinye limite transmisyon COVID-19 nan kad alèjman neglijan restriksyon karantèn gouvènman federal la mete yo;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, an patikilye Atik IV, seksyon 1, nan dokiman sa a mwen òdone epi pase enstriksyon sa yo:

Dekrè Egzekitif 205, ki egzije pou Komisè Depatman Sante a (Department of Health) pibliye yon mizangad pou vwayajè pou yo kominike toupatou nan tout pwen antre prensipal yo nan New York, sa gen ladan sou panno mesaj sou otowout ak nan tout ayewopò nan New York, pou fè tout vwayajè k ap antre nan New York soti nan sèten eta konnen yo oblije mete tèt yo an karantèn pandan yon peryòd 14 jou dapre règleman Depatman Sante a pou karantèn; modifiye ak dokiman sa a pou egzije pou Komisè a ajoute nan mizangad pou vwayajè sa a pou vwayajè k ap antre Etazini soti nan nenpòt ki peyi ki gen yon avi sou sante CDC Nivo 2 oswa Nivo 3 oblije mete tèt yo an karantèn pandan yon peryòd 14 jou dapre règleman Depatman Sante a pou karantèn, epi vwayajè sa yo dwe ranpli fòmilè sante Depatman Sante a oubyen sibi penalite sivil konfòmeman ak Lwa sou Sante Piblik la (Public Health Law) ak règleman Depatman Sante a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan venntuityèm jou mwa

septanm nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a